

The Waterfall/Yon Kaskad

Pou ete a, nan mwa Jiyè sak nan do yo, yon fanmi deside ale fè yon ti vakans. Manman, papa, ak de pitit gason yo ale nan kan. Yo te rete yon kote bò yon pisin, ti mesye yo te kon benyen tout tan.

Fanmi an t al fè yon pwomnad bò yon rivyè. Yo tandè yon bwi: O! “Yon kaskad.” Lè papa timoun yo tandè bwi a, li di timoun yo pa grenpe pou yo ale nan kaskad la. Lè li konmanse fè nwa, youn nan tigason yo tap panse a chit dlo a. Pandan nannuit, li tandè yon lòt bwi tankou yon chyen kap jemi. Li te pè anpil.

Lè yo leve nan maten, yo wè tras pye yon gwo lyon. Ti mesye yo te eksite anpil. Se lè sa papa anonse yo kab grenpe kaskad la. Yo ale pwomennan bò kaskad la. Yo jwenn yon ti chemen, e yo monte anlè tèt kaskad la. Youn nan ti gason tap danse paske li te kontan.

Aprè sa, paran yo vini jwenn yo, e fanmi an kontinye pwomnad la. Youn nan ti gason yo te jwenn yon moso bwa kite sanble ak yon foto moun kap danse. Li pran l, e plante l nan lakou lakay li. Chak fwa li gade l, li sonje kaskad la ak tout bon moman ye te pase ansanm.